Established 1915
BROWARD
County Public Schools

# Pitit ou li Poukont li



Ede pitit-ou chwazi yon bon liv:

- Kite pitit-ou seleksyone liv enprime oswa dijital baze sou sa ki enterese l
- Asire se yon liv pitit-ou ka li poukont li
- Ankouraje pwezi, istwa, liv ki pa fiksyon
- Liv odyo kòm opsyon (tout fòma)

| Anvan Lekti | Pandan Lekti | Apre Lekti |
|---|---|---|
| Konsidere li menm liv-la konsa nou ka diskite ansanm.<br><br>Ankouraje pitit-ou:<br><br>• Reflechi/pale sou otė/ilistratė liv-la: Èske se premye liv ou li ke yo ekri? Èske ou konnen lòt liv ekri ak ilistrasyon ke yo pibliye?<br><br>• Reflechi/pale sou tit-la ikonpri kouvėti ak do liv la<br><br>• Fė lekti yon sėl paj oswa de paj pou wė si liv-la enteresan epi pa twò difisil pou li | Bay pitit-ou yon kaye oswa feyė otokolan (sticky notes) pou note reyaksyon li pandan lekti a.<br>Ankouraje pitit-ou:<br><br>• Make yon pasaj nan tėks-la kote fė lekti ak espresyon ede-li konprann mye sans tėks-la<br><br>• Note karakteristik pėsonaj epi lė/poukisa pėsonaj la chanje<br><br>• Note tėm oswa mesaj<br><br>• Note yon pati nan liv la ki deklanche yon koneksyon pėsonnėl | Pale sou liv la ak pitit-ou. Sa tou osi enpòtan ke lekti a!<br><br>Poze kesyon tankou:<br><br>• Èske liv la fė ou reflechi sou lavi pa w yon fason diferan?<br><br>• Kisa otė a vle nou aprann oswa chonje?<br><br>• Kisa ou te konnen deja?<br>Èske ou aprann yon bagay nouvo?<br><br>• Ki pati nan liv la ou te prefere? Fė lekti pati a ak yon vwa fò.<br>• Kijan ou ka konpare liv sa ak liv otė a ekri deja oswa konpare l ak lòt liv w'ap li kounyea? |

*CPS Literacy Department 4/14/20*

BED<HC#295/is/05/20>
Document translated by the Bilingual/ESOL Department (05/20)